ISSN:
2181-3906
2026

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 5 / ISSUE 7 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# BASSHINIŃ TÁLIM-TÁRBIYA PROCESSIN BASQARIW KOMPETENCIYASI TÚRLERI HÁM OLARDIŃ ÓZINE TÁN ÓZGESHELIKLERI

**Bayímbetova Xamida Jiemuratovna**
Qánigelestirilgen bilimlendiriw mákemeleri agentligine qaraslí moynaq rayoní qánigelestirilgen mektebiniń «Tárbiya» páni muǵallimi.

https://doi.org/10.5281/zenodo.21385230

***Anotatsiya.*** *Bul maqalada Basshınıń tálim-tárbiya processin basqarıw kompetenciyası túrleri hám olardıń ózine tán ózgeshelikleri haqqında sóz etilgen.*

***Gilt sózler:*** *pedagog, individual, baǵdarlar, kásiplik, bilim, qábilet, oqıwshı.*

# ТИПЫ КОМПЕТЕНЦИЙ РУКОВОДИТЕЛЯ В УПРАВЛЕНИИ ОБРАЗОВАТЕЛЬНЫМ ПРОЦЕССОМ И ИХ СПЕЦИФИЧЕСКИЕ ОСОБЕННОСТИ

***Аннотация.*** *В данной статье рассматриваются типы компетенций руководителя в управлении образовательным процессом и их специфические особенности.*

***Ключевые слова:*** *педагог, личность, области, профессиональные, знания, способности, ученик.*

# TYPES OF COMPETENCES OF THE LEADER IN MANAGING THE EDUCATIONAL PROCESS AND THEIR SPECIFIC FEATURES

***Abstract.*** *This article discusses the types of competences of the leader in managing the educational process and their specific features.*

***Keywords:*** *pedagogue, individual, areas, professional, knowledge, abilities, student.*

Zamanagóy pedagog óz ústinde islep, ózin-ózi individual hám kásiplik rawajlandırıp barıwı dáwirdiń talabı bolıp qalmaqta. Bul baǵdarlarda pedagoglardıń óz ústinde islewi hám de ózin ózi rawajlandırıp barıwı pedagogikalıq kompetentlikke erisiwdiń tiykarǵı shártleri bolıp tabıladı.

Pedagoglardıń óz ústinde islewi–bul hár bir pedagogtıń individual pázıyletlerin hám de kásiplik bilim, kónlikpe hám uqıplılıqların úzliksiz hám sistemalı túrde rawajlandırıp barıwǵa qaratılǵan ámeliy iskerligi bolıp tabıladı.

Jazıwshı, pedagog V.İ.Sluckiy «Dáslep insan ózin ózgertpey turıp basqalardı ózgertiwi múmkin emes, balalardı tárbiyalap barıw processinde pedagog ózin-ózi tárbiyalap barıwı tiyis»-degen ideyanı ilgeri súrgen halda eger de pedagog óz ústinde islewden toqtasa oqıwshınıńda rawajlanıwında toqtaw júzege keletuǵınlıǵın bildiredi.

Solay eken, pedagoglardıń óz ústinde islewi birinshiden, sociallıq zárúriyat bolsa, ekinshiden hár bir pedagogdan erk kúshin talap etetuǵın process sanaladı.

Úshinshiden bolsa pedagogtıń óz ústinde islewi pedagogtıń xızmeti hám minezqulqındaǵı kemshiliklerdi dúzetip barıw hám de pedagogikalıq xızmettiń sapalı basqıshına ótiwine xızmet etse, tórtinshiden, óz ústinde islewde anıq maqsetke iye bolıw, sapalı úlgilerge súyeniw, shınıǵıw, jańadan iyelengen bilimlerdi ámeliyatta qollanıwdı talap etedi, besinshiden bolsa pedagogtıń ózi ústinde islewge bolǵan qızıǵıwshılıǵı bolıwı hám turaqlı túrde óz ústinde islewi ádetke aylanıwı pedagogikalıq kompetentlikke erisiwdiń tiykarǵı shártlerinen biri sanaladı.

N.A.Muslimov, M.Usmanbaeva hám M.Mirsolievalar tárepinen pedagoglardıń óz ústinde islewiniń basqıshları anıqlanǵan bolıp, bul basqıshlar sistemalı túrde joybarlawı menen baylanıslı bolǵan pedagoglardıń óz ústinde islew modeli islep shıǵılǵan.

Demek, óz ústinde islew–bul pedagoglardıń ózin-ózi rawajlandırıp barıwdıń ámeliy kórinisi bolıp, ol pedagoglardıń ózin-ózi rawajlandırıwdıń tiykarǵı deregi bolıp tabıladı.Qánigeniń kásiplik kompetentligi – bul belgili bir taraw qánigesiniń kásiplik tayarlıǵı hám de kásiplik jetiklik dárejesin bahalawǵa qaratılǵan norma sanaladı.

Pedagogikalıq kompetentliktiń tiykarǵı komponentleri A.K.Markova hám B.Nazarovalar tárepinen atap kórsetilgen pedagoglardıń kásiplik kompetentliginiń ózine tán ózgesheликleriniń mazmunı tómendegilerden ibarat:

1. Pedagoglardıń sociallıq kompetentligi. Pedagog – bul jámiyettiń zıyalı qatlamınıń aǵzası sıpatında birinshiden mámleket hám jámiyet turmısındaǵı barlıq jańalanıwlardan xabardar bolıwı, keleshek áwladtı, sonıń menen bir qatarda hátteki olardıń ata-analarına da aldıńǵı progressiv túsiniklerdi sińdirip, milliy qádiriyatlarda olardıń sanasına sińdirip barsa, ekinshiden bunday baǵdarlarda jámiyettegi hár túrli insanlar menen sociallıq qatnaslarǵa kirisetuǵın social belsendi shaxs bolıp tabıladı.

Bunday qatnasıqlarda pedagoglar ushın sociallıq belsendilik kórsetiw kónlikpe hám uqıplılıqlarǵa iye bolıwı talap etiledi.

2. Pedagoglardıń jeke kompetentligi. Kompetentliktiń bunday túri pedagogtıń barqulla óz ústinde islep, óziniń kásiplik rawajlanıw traektoriyasın ózi belgilewi, ózin-ózi bahalap, analizlep barıwı menen belgilenedi.

3. Texnologiyalıq kompetentlik. Bunda pedagog óziniń kásiplik ósip barıwı hám de pedagogikalıq processlerdi nátiyjeli shólkemlestiriw ushın talap etiletuǵın zamanagóy, aldıńǵı qatar hám de informaciyalıq texnologiyalardan paydalanaalıwǵa qaratılǵan bilim, kónlikpe, uqıplılıq hám qabiletlerdi óz ishine aladı.

4. Ekstremal kompetentlik. Pedagogikalıq processler oǵada quramalı process bolıp, onıń barısında pedagog ushın kútilmegen jaǵdaylar da kózge taslanıpturatuǵınlıǵı málim.

Kompetentliktiń bunday túri pedagogtıń tálim-tárbiya processlerinde kútilmegen ekstren jaǵdaylarda máselelerdi pozitiv sheshiwi, tiyisli sheshimler qabıl ete alıwı, pedagogikalıq processlerdi unamlı baǵdarlay alıwı menenbelgilenedi.

5. Arnawlı kompetentlik. Arnawlı kompetentlik tikkeley pedagoglar ushın kásiplik xızmetti ámelge asırıwǵa qaratılǵan arnawlı tayarlıqtı talap etetuǵın kompetentliktiń ayrıqsha túri bolıp, ol psixologiyalıq, metodikalıq, informaciyalıq, kreativ, innovaciyalıq hám kommunikativ kompetentliklerdi óz ishine aladı.

Kompetentliktiń strukturası, yaǵnıy individtiń kompetentliginiń funkciyaları tómendegishe:

1. Adaptaciya, yaǵnıy sırqı ortalıqtaǵı hár túrli sharayatlarǵa maslasıw. Ol psixik ózgeshelikler menen baylanıslı.

2. Anticipaciya, yaǵnıy waqıyalardıń aldın alıw. Ol prognozlaw hám refleksiya menen baylanıslı.

3. Gnoseologik funkciya. Yaǵnıy átirap-álemdi adekvat qabıl etiw, tábiiy hám sociallıq processlerdi ańlaw menen baydanıslı.

4. İskerlikti regulyaciyalap barıw: anıq maqsetke iye bolıw, rejelestiriw, programmalastırıw, proektlestiriw, iskerlik metodın tańlaw, basqarıw.

5. Shaxstıń ózin-ózi basqarıwı, ózin-ózi regulyaciyalaw.

6. Aksiologik (bahalawshı) funkciya

7. İntegraciyalıq funkciya. Dúnya qaras, isenim hám túsinikler sistemasında ámelge asatuǵın bul funkciya kompetentliktiń tiykarǵı funkciyası sanaladı hám ol tómendegilerdi óz ishine aladı: iskerliktiń ónimdarlıǵı, ózlikti ańalaw, ózin-ózi rawajlandırıw, ózin ózi basqarıw.

Olardıń tiykarın tómendegiler quraydı: bilimler sisteması, qadriyatlar sisteması, intellektual pazıyletler sisteması, duńyaǵa bolǵan kóz-qaraslar sisteması, ádep-ikramlılıq pazıyletler, ideallar, iseimler sisteması.

Bilimlendiriw mákemeleri basshı kadrları kompetenciyasında qábilettiń roli úlken bolıp tabıladı. Onı 5 qábilet túrlerine ajırataw múmkin: kommunikativ, kreativ, shólkemlestiriwshilik, perceptiv (ziyreklik, intuiciya), konstruktiv, reflektiv qábiletler.

Búgingi kúnde bilimlendiriw mákemesi basshı xızmetkerleri, atap aytqanda, basshıdan tómendegi processlerdi kompetentli basqarıw qábileti, bilim, kónlikpe hám eplililiklerine iye bolıw talap etiledi: oqıw-tárbiya processin shólkemlestiriw, ruwxiy-aǵartıwshılıq hám tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriw, ilmiy-metodikalıq jumıslardı shólkemlestiriw, ilmiy-izertlew jumıslardı shólkemlestiriw, pán-tálim-islep shıǵarıw ortasında integraciyanı támiyinlew, finanslıq-xojalıq jumısların shólkemlestiriw, kadrlardı tańlaw, orın ornına qoyıw, sociallıq qorǵawdı támiyinlew, xoshametlew, adminstrativlik hám pedagog kadrlar menen islew, aymaqlıq hám xalqara bilimlendiriw mákemeleri menen birge islesiw, jasları tálimi hám tárbiyası tarawındaǵı mámleket siyasatın ámelge asırıwdı támiyinlew, húkimet basqarıw organları hám puqaralıq jámiyeti institutları menen birge islesiwdi ornatıw.

Bilimlendiriw basshı kadrları alıp baratuǵın xızmet muzmunı komponentleri – bul basshınıń úyrenilip atırǵan anıq obiektler menen baylanıslı logikalıq, metodologiyalıq hám sociallıq xızmeti elementlerinen ibarat bolǵan erkin pikirlew kompetentlikleri jiynaǵı bolıp tabıladı.

Onıń quramına tómendegiler kiredi: maqsetti kóre biliw, xızmetti rejelestiriw, onıń mazmunın analiz qılıw, reflekciya, xızmetke jeke baha beriw barısındaǵı bilim hám eplilikler.

Basshınıń kreativligi onıń innovacion jandasıwları tıykarında qáliplesedi. Kreativlik basshıdan iniciyativalıq, nátiyjeli qarım-qatnas, joqarı siyasiy hám sociallıq dáreje, nátiyjeni aldınnan kóre alıw intyiciyası rawajlanǵanlıǵın talap etedi.

Kreativliktiń mazmunı sonda bolıp, intellekt – insannıń aqılıy dárejesi bolsa, kretivlik – mine usı aqılıy dárejeni maqsetke baǵdarlantırılǵan tárizde erkin islete alıw qábileti esaplanadı.

Basshınıń kreativligi – basqarıw processine dóretiwshi, dástúriy emes jandasıw tıykarında joqarı nátiyjege erisiwden ibarat bolıp tabıladı. Ol individtiń jańa túsinik jaratıwı hám jańa kónlikpeler payda qılıw qábileti, qásiyetin bildiredi.

Kreativlik zamanagóy basqarıwshı, menejerler ushın mákemeniń zaman menen hámnápes alıp barılıwın támiyinleydi. Sebebi, kreativ qábilet tıykarında jumıs alıp barıw degeni, basshı óz xızmetine hár tárepleme jandasıwı, yaǵniy oǵan dóretiwshi-innovacion jandasıwın talap etedi.

Basshınıń kreativ oylawında rawajlanıw tendenciyası, ósiwi, jetilisiwi, keńeyiwi hám turaqlı saqlanıwınıń instrumenti, onıń sanalı quralı esaplanadı. Sol kózqarastan kreativ oylaw zamanagóy dúnyada basqarıwdıń eń zárúr funkciyaların ámelge asıradı.

Basshınıń kreativ oylawı – bul aqıldıń alda qádemligi, dástúriy emesligi, standart emes qararlar hám sheshimler qabıl qılıwdan shorshımaslıq, tezlik penen qarar qabıl qılıw, jumıs wazıypası hám tarawına sadıqlıq, oylawdıń iyiliwshenligi, keleshekti kóriw, prognoz qıla alıw sıyaqlı ózgeshelikler bolıp tabıladı.

Basshılıq – bul hár túrli wazıypalardıń toplamı yakı ámel kreslosınan ibarat emes, bálki – kásip bolıp tabıladı. Basshılıq insannan zárúr xarakter, bilim, kónlikpe, tájiriybe, sheberlik, mádeniyat kásiplik nazakat, tájriybe, qábilet hám ózine tán ózgeshelik talap etedi.

Basqarıw processi – bul basshı tárepinen óz qol astındaǵılarǵa tapsırma beriwden ibarat bolıp, bunda tapsırılǵan jumıstıń maqseti, múddetleri, jumıs sharayatı hám atqarıw nátiyjelerin bahalawdıń kriteriyaların belgilengen boladı.

Basqarıw – bul basqalardı islewge iytermelew, qadaǵalaw, durıs qarar qabıl qılıw, processti shólkemlestiriw hám basqarıw degeni. Basqarıwdıń tıykarǵı úsh túri bar bolıp, olar demokratik, avtoritar, liberal tárizde payda boladı. Bilimlendiriw mákemesi basshısı bul basqarıwdıń hár úsh túrinen jaǵdaydan kelip shıqqan halda, maqset hám máseleniń qoyılıwına qarap paydalanadı. Lekin, olardıń biri ol yakı bul basshıda ústemlik qılıwı múmkin.

Pedagogikallıq processke basshılıq qılıwda bir neshe basqarıw funkciyaları orınlanadı: diagnostikalıq funkciya (pedagogikalıq sistemanı házirgi jaǵdayın úyreniw ushın lazım), qayta baylanıs ornatıw funkciyası (qoyılatuǵın pedagogikalıq wazıypalardı orınlanǵanlıǵın anıqlaw múmkinshiligin beredi), baǵdarlaw funkciyası (ideal tálim-tárbiya modeline qaratılǵan xızmetti baǵdarlaydı), stimullastırıwshı funkciya (tálim-tárbiya dawamında paydalanbaǵan resurslardı tartıw ushın qollanıladı), korrekciyalıq funkciya (aǵartıwshılıq processtiń konstruktiv keshiwin támiyinlew ushın lazım).

Pedagogikalıq basqarıw, tálim-tárbiya processinde qollanılmaǵan resurslardı tartıw mexanizmin belgilep alıw múmkinshiligin beredi.

Hár qanday basqarıw jaǵdayı intellektual mazmunǵa iye, sebebi júzege kelgen mashqalanı basqarıw bar resurslardan orınlı paydalanıw, insan sanası, oylawı hám qulqına tásir qılıwdı talap etedi. Olardan paydalanıw tek ǵana nátiyjelilikti támiyinlemesten, jıllar dawamında qollanılıp kelinip atırǵan basqarıw usılların mazmunlıq jaqtan rawajlandırıw ushın xızmet etedi.